NEW RENAISSANCE international scientific journal
ISSN: 3030-3753. VOLUME 1, ISSUE 2

# BASQARIW DÁREJESIN ILIMIY DÁREJEDE RAWAJLANDIRIW

**Tajimuratova Shaxnoza Saǵınbaevna**

Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq Mámleketlik Universiteti oqıtıwshısı

*https://doi.org/10.5281/zenodo.10966385*

**Anotatsiya.** Bul maqalada basqarıw miynetiniń ilimiy-dóretiwshiligin shólkemlestiriw hám bul processlerde basqarıw wazıypaları haqqında sóz etilgen.

**Gilt sóz:** Basqarıwdıń ilimiy-dóretiwshilik procesi, analitik iskerlik, joybarlaw, shólkemlestiriw, tártipke salıw, qadaǵalaw, xoshametlew, basqarıw funksiyaları.

## DEVELOPMENT OF MANAGEMENT AT THE SCIENTIFIC LEVEL

***Abstract.*** *This article describes the scientific and creative organization of management work and management duties in this process.*

***Key word:*** *scientific-creative process of management, analytical skills, planning, organization, regulation, control, motivation, management functions.*

## РАЗВИТИЕ МЕНЕДЖМЕНТА НА НАУЧНОМ УРОВНЕ

***Аннотация.*** *В данной статье описывается научно-творческая организация управленческой работы и обязанности руководителя в этом процессе.*

***Ключевые слова:*** *научно-творческий процесс управления, аналитические способности, планирование, организация, регулирование, контроль, мотивация, функции управления.*

---

Basqarıw miynetin ilimiy-dóretiwshilik shólkemlestiriw procesi- shólkem resurslarin ilimiy-dóretiwshilik tárizde óz maqsetlerine erisiw ushın qáliplestiriw hám paydalanıw boyınsha úzliksiz, izbe-iz atqarılatuǵın, óz-ara baylanısqan háreketler kompleksi esaplanadı. Bul háreketler mádeniyat hám kórkem óner salasındaǵı basqarıw wazıypaları dep ataladı. Solay etip, basqarıw procesi barlıq wazıypalardıń ulıwma jıyındısı esaplanadı.

Mádeniyat hám kórkem óner tarawı ilimiy-dóretiwshilik processleri boyınsha basqarıw wazıypaları - bul tarawda basqarıw iskerliginiń salıstırǵanda ǵárezsiz, qánigelestirilgen, dóretiwshilik tendensiyalar tiykarına qurılǵan túrleri bolıp tabıladı. Bunday dep esaplanıw ushın basqarıw wazıypası anıq sáwlelendirilgen mazmunǵa, onı ámelge asırıwdıń islep shıǵılǵan mexanizmine hám bir sóz benen aytqanda málim strukturaǵa ıye bolıw kerek. Mazmun astında anıq wazıypa sheńberinde ámelge asırılıwı kerek bolǵan háreket túsiniledi.

Basqarıw processinde ámelge asırilatuǵın háreketler hám wazıypalarınıń mazmunı mádeniyat hám kórkem óner mákemeleri túri, iskerlik kólemi, olardıń xizmet kórsetiw tarawları, basqarıw iyerarxiyasidaǵi dárejesi- ministrlikten tartıp ápiwayı balalar muzıka hám kórkem óner

mekteplerine shekem alıp barılıp atırǵan mádeniy - bilimlendiriw ilajlar shólkem hám bir qatar basqa faktorlarǵa baylanıslı.

Buxara, Samarqand, Shahrisabız, Xiywa qalalarınıń tariyxıy orayları YUNESKOnıń pútkil jáhán mádeniy miyrasları dizimine, “Baysun mádeniy ortalıǵı”, “Shashmaqam muzıkası”, “Úlken qosıq”,”Askiya”, “Palaw mádeniyatı hám dástúrlerine” kandidatlari kiritilgeni jurtımız mádeniy-aǵartıwshılıq miyraslarınıń jáhán aralıq tán alınıwı esaplanadi.

Hár bir shólkemde basqarıwdıń wazıypaları reń-bareń ekenine qaramastan iskerlik túrleri tiykarlanıp birdey dawam etedi : anıq wazıypalardı joybarlaw, maqsetke ılayıq islerdi shólkemlestiriw, hár tárepleme shólkemlestiriw hám basqarıw, motivatsiya - yaǵnıy jumıstıń maqseti hám kólemine qaray aldınǵa háreket qılıw, ulıwma basshılıq, maqsetke uyqas muwapıqlastırıw, hár tárepleme qadaǵalaw, informacion-kommunikaciyalar natiyjeliligi, ilimiy-dóretiwshilik izertlew qılıw, ádalatlı bahalaw, tuwrı hám anıq qararlar qabıllaw, xızmetkerlerdi jumıs qábileti hám miynet potencialına uyqas túrde tańlaw, óz-ara kelisiwler aparıw hám pitimler dúziwdegi izbe-izlik.

Barlıq tarawlarda bolǵanı sıyaqlı mádeniyat hám kórkem óner salasında hám taǵı basqarıwdıń bes tiykarǵı waziypası bar:

- Anıq wazıypalardı joybarlaw (shólkem miynet procesine maqset, wazıypa, strategiya, programmalardı tuzib alıw );
- Puqta tayarlıq hám hár tárepleme uyqas túrde shólkemlestiriw (tapsırmalar joqarıdan tómenge, tuwrı hám qalıs bólistiriliwi);
- Motivatsiya (arnawlı bir tapsırmalardı orınlawshı jumısshılardı ruwxıy qollap-quwatlaw, miynetlerin tán alıw hám xoshametlew);
- Maqsetke uyqas muwapıqlastırıw (jumıstıń kólemi jáne onıń orınlanıwın támiyinlew jolındaǵı ratsional bólistiriw);
- Qadaǵalaw (arnawlı bir jumıs kólemin maqsedke muwapıq natiyjege ko're salıstırılıwı ).

Joybarlaw -basqarıw basqıshında birinshi qadem esaplanadi. wazıypası tómendegishe:

- qanday maqset tárepke háreketleniw, háreket rejesin islep shıǵıw, mine sol joybar sheńberinde iskerlik kórsetetuǵın xızmetkerler toparın qáliplestiriw, olardıń miynet hám ilimiy-dóretiwshilik potenciallarin esapqa alıw, jumısqa ırkinis berip atırǵan faktorlardıń waqıtında jónge salınıwı, múmkinshilik hám muǵdar proporcionallıǵı, rejaning maqsetke muwapıqlıǵı, finanslıq támiynlew dárekleriniń turaqlılıǵın, eń áhmiyetlisi informaciya alıw, uzatıw, paydalanıw dáreklerin esapqa

alıw.

Mısal ushın, hár eki jılda bir ret Samarqand qalasında “Sharq taronaları” xalıq aralıq festivali bolıp ótedi, kishi hámeldar mádeniyat hám kórkem óner xızmetkerleri bul abıraylı konfrenciyaǵa aylar dawamında tayarlanıwadı, joqarıda jazılǵan joybarlaw dárekleri anıq hám puqta atqarılmasa, bul xalıq aralıq ilajdı jáhán xalqınıń háwesin keltirer dárejede ótkeriw múmkinshiligi bolmay qaladı.

Shólkemlestiriw - gózlengen maqsetke uyqas túrde tayarlanıw máselesi. wazıypası tómendegishe: hár bir dóretiwshiden óz dóretiwshilik potencialı hám múmkinshiligine qaray paydalanıw, buwındaǵı xızmetkerler miynetin ratsional - tuwrı bólistiriw hám talap qılıw mexanizmin jaratıw, barlıq tapsırma hám kórsetpelerdiń sózsiz hám dóretiwshilik orınlanıwın támiyinlew, finanslıq derekler proporcionallıǵın tekserip turıw, shólkemlestiriwshiler miynetin bahalap barıwdan ibarat boladı.

Bir ǵana mısal, hár jılı respublika orayınan tartıp, barlıq wálayat, qala, rayonlarda da Jılbası- yaǵnıy Nawrız bayramları keń bayramlanadı, xalıq seyilleri formasında ótip atırǵan ilajlarda tekǵana saxnada, bálki kóshelerde, ernek-ádirler, keńliklerde de bayramlar bayramlanadı, mádeniyat hám kórkem óner kishi hámeldarları qatnasıwında kishi detal (baslawshılar, dawıs kúsheytgish apparatları, bayram scenariysi yamasa dekoratsiyalarınıń waqıtında tayarlanbawı) da ilaj dárejesine úlken tásir kórsetedi, sol sebepli de hár bir xızmetkerdiń juwapkerligi, jankúyerligi mádeniyat hám kórkem óner shólkemi basqarıwına úlken jardem boladı.

Xızmetkerler juwapkerligin asırıw bolsa minnetlemeni júklew, nátiyjelerge erisiw jolında awızbirshilik, kepillikler hám minnetlemeler kerekli hám óz ornında isletiliwine baylanıslı boladı.

Motivatsiya - xızmetkerlerdi ruwxıy qollap quwatlaw, miyneti nátiyjesine kóre xoshametlew, xızmetkerdi materiallıq hám ruwxıy faktorlar tásirinde miyneti nátiyjesine qızıqtırıw faktorı esaplanadı.

Motivatsiya procesin 2017-jıl 3-avgustda Ózbekstan Respublikası Prezidenti “Ádebiyat hám kórkem óner, mádeniyattı rawajlandırıw - xalqımız ruwxıy álemin kóteriwdiń bekkem tiykari” temasında dóretiwshi oqımıslı adamlar menen ushrasdi. Ushırasıwda kórkem dóretiwshilik tarawı wákillerin balalar muzıka hám kórkem óner mekteplerine baslıq etip biriktiriw, mádeniyat hám kórkem óner mákemelerine qáwenderlik boyınsha qatar ekonomikalıq quwatlı shólkemler menen “Doslıq klublarin dúziw, jas dóretiwshiler seminarın qayta tiklew, kompozitorlar hám kompozitorlar ushın qolay shárt- sharayat jaratıw, dóretiwshilerdi hár tárepleme qollap quwatlaw boyınsha mámleket itibarın kúsheytiw máselesinde sóz sóyledi hám mine sol motivatsiya dóretiwshilerdi jańa, jaqtı dóretpeler jaratılıwına alıp keldi.

Odan tısqarı dóretiwshilik shólkemlerden esaplanǵan Ózbekstan Jazıwshılar Awqamı

iskerligin jáne de jetilistiriw, 80 jıllıq tariyxga iye, mámlekettiń abıroylı dóretiwshilik shólkemin qollap-quwatlaw boyınsha ibratlı say- háreketler, “Ijod” jámiyetlik fondı, Jazıwshılar shólkeminiń júzege keliwi, Prezidentimizdiń azim paytaxt Tashkentte ótkerilgen “Ózbek eski hám zamanagóy ádebiyatın xalıq aralıq kólemde úyreniw hám rawajlantńrńw aktual máseleleri” temasındağı xalıq aralıq konferensiya qatnasıwshılarına jibegen qutlıqlawları, “Ózbek ádebiyatınıń shet el dosları “ keńesin dúziw haqqındağı ǵayratlar shın mániste mádeniyat, bilim, kórkem óner xalqınıń dóretiwine mámlekettiń húrmet hám izzeti bolıp tabıladı.

Motivatsiya - dep áne sonday iygilikli ǵayratlar ushın tarawdıń wákillerine jaratılǵan shárt-shárayatlar, ruwxıy hám materiallıq qollap-quwatlawlarǵa aytıladı.

**REFERENCES**

1. S. To'ychiyeva. Shaxs social aktivligi hám ruwxıy madeniyat. Tashkent. Milliy ensiklopediya ilimiy baspası. 2016.
2. V. Alimasov hám basqalar. Mádeniyat hám Kórkem óner. Tashkent. CHo'lpon. 2006. 3. M. Bekmurodov. Shólkem mádeniyatı hám baslıq ruwxıylıǵı. Tashkent, 2001.
3. Sag’inbaevna T. S. Cultural Life in Uzbekistan during the Years of Independence //Spanish Journal of Innovation and Integrity. – 2023. – T. 18. – C. 39-41.
4. Tajimuratova S. FORMATION OF STUDENTS'SKILLS OF INDEPENDENT PERFORMANCE THROUGH THE TEACHING OF ART HISTORY //Modern Science and Research. – 2023. – T. 2. – №. 10. – C. 841-849.
5. Saginbaevna T. S. Management and study of culture and art. – 2022.
6. Тажимуратова Ш. С. САНЪАТШУНОСЛИК ФАНЛАРИНИ ЎҚИТИШ ОРҚАЛИ ТАЛАБАЛАРНИНГ МУСТАҚИЛ ИШЛАШ КЎНИКМАЛАРИНИ ШАКЛЛАНТИРИШ. – 2023.
7. Tajimuraova S. S. INFORMATION AND COMMUNICATIONS IN MANAGEMENT //Journal of Integrated Education and Research. – 2022. – T. 1. – №. 5. – C. 509-511.